ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№18 (23.988) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ ухуэныгъэм зегъэужьыным теухуа зэIущIэм

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат дыгъуасэ Москва щригъэкIуэкIащ псэупIэхэр ухуэным, экологием, гъуэгу инфраструктурэм зегъэужьыным, къалэхэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным теухуауэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм комплекснэу зегъэужьыным, псэупIэхэр ухуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм зегъэубгъуным, уасэхэр зэрагъэув щIыкIэр гъэтэмэмыным, бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр ухуэныгъэм къыщыгъэсэбэпыным пыщIауэ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэм. Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ ипотекэмкIэ ставкэхэр гъэмэщIэнымкIэ, ипотекэ кредитхэм проценткIэ щхьэщатыкIым кIэрыгъэхунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

Хуснуллин Марат зэIущIэм къыщыхилъхьащ ухуэныгъэм и IэнатIэм дунейпсо стандартхэр къыщыгъэсэбэпыным и лъэныкъуэкIэ Iуэху пыухыкIахэр. Мыбдеж Iуэхур нэхъ къэзылъахъэхэм ящыщу вице-премьерым къилъытащ ухуэныгъэхэм я уасэхэр тэмэму зэрамыгъэувыр.

Правительствэм иджыпсту къыпэщыт къалэнхэм ящыщщ ухуэныгъэм и IэнатIэр къэралым и зыужьыныгъэм тещIыхьа къалэнхэм езэгъыу зэтегъэувэныр. Абы къыхэкIыу, жиIащ Хуснуллин Марат, дэ лъэпкъ проектхэм дызэрелэжьыну планхэр зэхэтлъхьэу, ахэр гъэ къэс фIэкIыпIэ имыIэу зэрыдгъэзэщIэнум дыхущIэкъун хуейщ.

2019 гъэм къэрикIуахэм япкъ иткIэ, псэупIэхэр хьэзыр щIынымкIэ лэжьыгъэхэр абы япэ ита илъэсым елъытауэ проценти 108,8-м нагъэсащ. Хьэзыр ящIащ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 474-м щIигъу. ЦIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ ягъэувауэ щыта планыр нэсу ягъэзэщIащ икIи унэщIэхэм унагъуэ 81-рэ щIагъэтIысхьэжащ. Къалэхэм пщIантIэу 145-рэ, цIыху зэхуэсыпIэу 28-рэ зэIузэпэщ щащIащ. Къалэ мыинхэр зэIузэпэщ щIыным теухуауэ ирагъэкIуэкIа урысейпсо конкурсым щытекIуэри, Бахъсэн къалэм бюджет зэхуаку трансферту сом мелуан 85-рэ къыхуаутIыпщащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## ЩэнхабзэмкIэ IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэж

**«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым и щIыналъэ Iыхьэм хиубыдэу яубзыхуа лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ, 2020 гъэм КъБР-м и жылагъуэхэм щрагъэфIэкIуэнущ икIи къызэхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжынущ къуажэ щэнхабзэ унэу 9. Апхуэдэу хьэзыр ящIу къызэIуахыну я мурадщ Нартан къуажэм и щэнхабзэ унэщIэр.**

АДЭКIИ пащэнущ республикэм и щэнхабзэ, зыгъэпсэхупIэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэхэм. ГъуазджэмкIэ сабий школу щым зыхуеину музыкэ Iэмэпсымэхэр къыхуащэхунущ. Налшык дэт ТЮЗ-мрэ Гуащэ театрымрэ я унэхэри зыхуей хуагъазэ икIи а лэжьыгъэр илъэсищкIэ екIуэкIынущ.

«Творчествэм и лэжьакIуэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ дызэрыт илъэсым КъБР-м и республикэ бюджетым щыхухахащ творческэ гупхэм, проект щхьэхуэхэм папщIэ грантхэр, апхуэдэу КъБР-м и щэнхабзэм и лэжьакIуэу 122-м я IэщIагъэм хагъэхъуэным трагъэкIуэдэну ахъшэр.

## УнагъащIэхэм ядоIэпыкъу

● Бахъсэн къалэ



**Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим къалэдэс унагъуэ зыбжанэм иджыблагъэ яритащ псэупIэ къащэхун е ирагъэщIын папщIэ социальнэ ахъшэ зэрыхухахымкIэ сертификатхэр.**

ЗИ НАСЫП къикIа унагъащIэхэм щехъуэхъум, муниципалитетым и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ къалэм и унафэщIхэр мы Iуэхум дяпэкIи зэрегугъунур икIи цIыхухэм я псэупIэхэр егъэфIэкIуэным къэкIуэну зэманым ахъшэ нэхъыбэ тригъэкIуэдэну зэримурадыр.

**БАЛЪКЪЫЗ Iэминэ.**

● Къэралым и Конституцэ

## ЦIыхубэм я гурыщIэхэр къагъэнаIуэ



**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир вэсэмахуэ яIущIащ къэралым и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ зэхуашэса лэжьакIуэ гупым. Адрей цIыху 75-м ядыщIыгъуу абы хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым нэгъабэ лъандэрэ хагъэхьа Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

КОНСТИТУЦЭМ хэлъхьэн хуейуэ лэжьакIуэ гупым игъэхьэзыр жэрдэмхэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ цIыхубэм я гурыщIэр къагъэнаIуэу гъащIэр нэхъ тынш ящицIыну къэпщытакIуэхэм къалъытэ. АбыкIэ арэзыщ къэралым и Iэтащхьэри.

ЗэрыфщIэжщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызэхуигъазэм къыщыхилъхьащ къэралым и тхылъ нэхъыщхьэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ егъэгъуэтын зэрыхуейр. Ахэр ехьэлIащ парламентым, Конституцэ судым я унафэхэр здынэсым зегъэубгъуным, къулыкъущIэшхуэхэм хамэ къэрал гражданствэ ямыIэным, президент пIалъэхэр гъэмэщIэным, дунейпсо зэгурыIуэныгъэхэм япэ урысей хабзэхэр игъэщыным, цIыхухэм я пащхьэ къэралым щиIэ пщэрылъхэм хэгъэхъуэным, нэгъуэщIхэми. А псори хьэзыр хъуа иужькIэ, урысейпсо IэIэткIэ къащтэну я мурадщ.

«Конституцэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм теухуа IэIэтыр, дауи, Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм къызэригъэпэщынущ, - щыжиIащ зэIущIэм Путин Владимир. - Абы ехьэлIа унафэм сэ нобэ-пщэдей Iэ щIэздзынущ. КъищцынэмыщIауэ, дэ дызэгурыIуащ ар лэжьэгъуэ тхьэмахуэм и кум хуэдгъазэу зыгъэпсэхугъуэу дгъэувыну, цIыхухэм махуэшхуэхэр щагъэлъапIэ е тхьэмахуэм и кIэух гуэрхэм къыпамыудын папщIэ».

ЗэкIэ зэрыхуагъэфащэмкIэ, Конституцэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм ехьэлIа урысейпсо IэIэтыр мэлыжьыхьым (апрелым) и 22-м, бэрэжьейуэ, екIуэкIынущ. Ар ди къэралым зыгъэпсэхугъуэ махуэу щагъэувыну я мурадщ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

● Юбилей



### Зумакулов Борис илъэс 80 ирокъу

**Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Зумакулов Борис нобэ и махуэщIщ.**

**Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ хэкулI зэпIэзэрытым, КъБР-м куэд хуэзылэжьам фIыуэ щыIэмкIэ йохъуэхъу!**

● Бахъсэн щIыналъэ

## Къуажэдэсхэм я фIыщIэ

**Бахъсэн районым и жылагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэухэм хуабжьу фIыщIэшхуэ ящIащ иджырей зэманым къэрал программэ пыухыкIахэм япкъ иткIэ къуажэ куэд зыхуей зэрыхуагъэзар.**

АПХУЭДЭУ зэIузэпэщ ящIри зыгъэпсэхупIэхэр къыщызэIуахащ ХьэтIохъущыкъуей, Къулъкъужын Ипщэ, Жанхъуэтекъуэ, Зеикъуэ, Псыхъурей, ПсыкIэху къуажэхэм.

ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэр ирагъэфIэкIуащ, абы хиубыдэ зекIуапIэхэм ящыщу метр зэбгъузэнатIэ 800-м щIигъур мывэкIэ къращIыкIащ, тIысыпIэхэр, уэздыгъэхэр зыфIэлъ пкъохэр, сабийхэм я джэгупIэхэр щагъэуващ. Апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэр иджы щыIэщ ПсыкIэху, Псыхъурей къуажэхэми.

Районым и къуажэхэм дэсхэм ящыщ куэдым иджы а паркхэм зыщагъэпсэху я сабийхэр, я ныбжьэгъухэр ящIыгъуу.

Жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIыным теухуа къэрал программэм ипкъ иткIэ 2020 гъэм лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIынущ Бахъсэнёнкэ, Зеикъуэ, Крем-Констатиновскэ, Куба, Къубэ-Тэбэ къуажэхэм.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

● ТхылъыщIэ

## «Адыгэ тхыдэмрэ лъэпкъыр къызытехъукIа лIакъуэхэмрэ»




**Мы тхыгъэм фIэщыгъэ хуэхъуа тхылъыр Котляровхэ я тедзапIэм къыщыдэкIащ. Ар ягъэхьэзыращ Мэзкуу щыщ щIэныгъэлIхэу Зайцев Ильярэ Шумкин Арсенийрэ.**

ТХЫЛЪЫР сурэту трахыу къыдагъэкIыжахэм ящыщщ. Бекович-Черкасскэ Елмырзэ и лъэIукIэ Хьэжы Къурбан жыхуаIэ гуэрым 1757 - 1758 гъэхэм итхыу, иджы ар урысыбзэкIэ зэрадзэкIыжа хуэдэу жаIэ.

Лэжьыгъэр къыдэзыгъэкIахэм пэублэм щатх мыбы къыщыхьа тегъэщIапIэхэм я фIыгъэкIэ Шэрджэсейм щызекIуа политикэ тхыдэри, абы нэхъ лъэрызехьэ дыдэу хэта Къэбэрдей пщыгъуэм и лIакъуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэри зэхэбгъэкIыныр нэхъ тынш хъуну.

Хэт-тIэ зи гугъу тщIы тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIыр? Хьэжы Къурбан цIэр зезыхьэ къэхутакIуэ, щIэныгъэлI зыми ицIыхуркъым. Абы къыхэкIыу, тхылъыр къыдэзыгъэкIыжахэм Кавказым щыIа дунеяплъэ Рейнеггс Яков 1796 гъэм итха сатырхэм зыхуагъазэ. Рейнеггс хьиджрэмкIэ X лIэщIыгъуэм «шэрджэсхэм я тхыдэр зытха молэ Феррах ад-Дин» и цIэр кърeIуэ, ар «щIэныгъэ зыбгъэдэлъ адыгэ псоми къабыл ящI тхыдэу» жеIэ.

Ар я тегъэщIапIэу, тхылъыр къыдэзыгъэкIа Зайцев Ильярэ Шумкин Арсенийрэ «Хьэжы Къурбан» цIэр зезыхьэ къэхутакIуэмрэ Феррах ад-Дин молэмрэ зы цIыхуу щыта хуэдэу хуагъэфащэ, абы щыхьэт техъуэ дэфтэр щымыIэу щытми. Щхьэусыгъуэу къащтэр XVI лIэщIыгъуэм зи гугъу тщIы тхылъыр итхауэ зыхуэбгъэфащэ хъун тырку, кърым щIэныгъэлI зэрамыцIыхурщ.

ЩIэныгъэлIхэм зи цIэ кърaIуэ молэ Феррах ад-Дин ислъамыр и тегъэщIапIэу Шэрджэсейм и тхыдэжь зэгуэр итхар пэжщ, ауэ ар нобэр къыздэсым зэрытха бзэмкIэ дунейм къытехьакъым. Абы и оригинал закъуэр Вернадскэм и цIэр зезыхьэ Украинэм и Лъэпкъ библиотекэм хыхьэ Iэрытххэм я институтым щIэлъщ.

**Кавказым и блэкIам щIэупщIэхэм папщIэ: дызытепсэлъыхь тхылъым и копие 50 къыдэдгъэкIыжащ.**

**КОТЛЯРОВ Виктор.**

## «ЛIыхъужьхэм я блын» стендыр къызэIуах

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкI щIыналъэ зэхуаку щIалэгъуалэ проектым ипкъ иткIэ КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университетым иджыблагъэ къыщызэIуахащ «ЛIыхъужьхэм я блын» стендыр. Ар къызэгъэпэщыным хэтащ Урысейм и ЛIыхъужьхэр, КъБР-м и Правительствэм щыщхэр, университетым, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я офицеру запасым щыIэхэм я зэгухьэныгъэхэм я лъэпкъ ассоциацэм я унафэщIхэр, студентхэр, еджакIуэхэр.**

«ЛIЫХЪУЖЬХЭМ я блын» проектым ипкъ иткIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм щыIэ еджапIэу 15-м къыщызэIуахынущ Хэку зауэшхуэм и ЛIыхъужьхэм я сурэтхэр щызэхуэхьэса стендхэр. Апхуэдэу зэхуахьэсынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэм щыщу зауэм хэтахэм я лIыхъужьыгъэм ятеухуа хъыбархэр. Япэ ита я нэхъыжьхэм ехьэлIа апхуэдэ тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ къыIахынущ дэтхэнэ щIыпIэми я студентхэмрэ школакIуэхэмрэ.

«ЛIыхъужьхэм я блын» япэ стендхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ. Гъатхэпэ мазэм ахэр Мэхъэчкъалэ, Грознэ, Владикавказ, Магас, мэлыжьыхь мазэм Черкесск, Пятигорск къалэхэм къыщызэIуахынущ.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэм и пэ къихуэу мы проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псоми я лIыкIуэхэр хэту Налшык къалэм щрагъэкIуэкIынущ «ЛIыхъужь» зэпеуэр. Ар къызэрегъэпэщ Президент грантхэм я фондым и дэIэпыкъуныгъэкIэ «Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм я ассоциацэ» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Ухуэныгъэ

## Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

**Кировымрэ Головкомрэ я уэрам зэхэкIыпIэм щегъэжьауэ Инессэ Арманд и уэрамым нэсыху телъ асфальтыр трагъэкъэбзыкIри гъуэгур техникэ хьэлъэхэмкIэ зэтес ящIащ.**

А ЩIЫПIЭМ ныкъусаныгъэ инхэр зэригъуэтрэ куэд щIат - дэнэкIи кумблIэмбти, транспортыр хуабжьу гугъу иригъэхьырт. Гъэ къэс ремонт лэжьыгъэхэр мардэ пыухыкIам тету къыщрахьэлIэ пэтми, жыы хъуа асфальтыр «бдыжыныр» къезэгъыжыртэкъым.

Хуабэу екIуэкI зы махуэри ухуакIуэхэм къагъэсэбэп. Абыхэм гъуэгубгъухэр яузэхужауэ, зэхэкIыпIитIми тет дамыгъэхэр щIэкIэ яхъуэж. МывэкIэщхъыр и пIэм ирагъэзагъэмэ, мыгувэу асфальтыр щIэуэ тралъхьэнущ, уэздыгъэ пкъохэри зыхуей хуагъэзэнущ.

Гъуэгу зэгъэпэщыжыныгъэм къыдэкIуэу, и бжэIупэхэми йолэжь. ПащIэм, Хъуараным, Лермонтовым я цIэкIэ щыIэ уэрамхэм тет унэ зыбжанэм екIуалIэ лъэс зекIуапIэхэм асфальтыр щахъуэжри, къэухьхэри щIэуэ ягъэувыжащ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**



### Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата Тхьэгъэзит Зубер и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ

**Мазаем и 17-м**

**Сыхьэт 14-м** щегъэжьауэ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм ПоэзиемкIэ и алеем усакIуэм и тхыгъэхэм къыщеджэнущ.

**Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м** Къэрал музыкэ театрым гуфIэгъуэ пшыхь щекIуэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и къэрал саугъэтыр зрата Тхьэгъэзит Зубер и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуам теухуауэ.

**Мазаем и 18-м**

Юбилей дауэдапщэхэр Тхьэгъэзит Зубер щалъхуа Тэрч районым къыщызэрагъэпэщынущ.

ФыщIэупщIэ хъунущ **42-43-13** телефонымкIэ.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

**2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.**

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: гъатхэпэм къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 464-рэ кIэпIейкIэ 20-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

## Дзэлыкъуэ щIыналъэм къабзагъэм щогугъу



**Дзэлыкъуэ районым и унафэщIхэм я нэIэ зэпымыууэ трагъэтщ къуажэхэр зэIузэпэщ щIынымрэ гъэкъэбзэнымрэ ехьэлIа Iуэхухэм. Иджыпсту мы щIыналъэм и щIыпIэ псоми унагъуэ кIэрыхубжьэрыхухэр щызэхуахьэс контейнеру 2200-м щIигъу къыщагъэсэбэп.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ аргуэру щIэуэ контейнер 272-рэ къащэхуащ. Ахэр жьы хъуахэм я пIэкIэ щагъэувынущ Каменномост, Къамылыкъуэ, Чыщбалъкъ, Малкэ, Приречнэ, Псынэдахэ, Совхознэ, Сэрмакъ, Дзэлыкъуэдэс къуажэхэм.

Дунейр щыхуабэ зэманым Дзэлыкъуэкъуажэ, адрей жылагъуэхэм щIэх-щIэхыурэ къыщызэрагъэпэщ уэрамхэмрэ утхэмрэ зэлъыIухыным теухуа щэбэт щIыхьэхухэр. Иджыблагъэ Псынэдахэ къуажэм щекIуэкIа апхуэдэ Iуэхугъуэм хэтахэм Дзэлыкъуэ псы цIыкIум и Iуфэхэр ягъэкъэбзащ.

**ЩОКЪУИЙ Iэминэ.**



# 75 Я щIыхьым пщIэ хуащI

**Мы гъэм ди къэралым егъэлъапIэ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. Абы цIыхубэм уасэшхуэ щIитын хуей хъуащ. Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщу зауэм дэкIат цIыху мини 4-м щIигъу, къэзымыгъэзэжар цIыху мини 2-рэ 272-рэ мэхъу. Дэтхэнэми и цIэмрэ лIыхъуэжьыгъэмрэ къыхэнэнущ дунейпсо тхыдэм.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭМ и махуэшхуэм и щIыхькIэ Дзэлыкъуэ районым Iуэхугъуэ зыбжанэ мы гъэм щекIуэкIынущ. ЩыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Джатэ Руслан** пщэрылъ ящищIри, мазаем и 12-м «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ ирокъу» медалыр иратащ ар зыхуэфащэхэм.

Медали 178-рэ Iэрагъэхьэжащ тылым и лэжьакIуэхэм, концлагерхэм щаIыгъахэм, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм. Район унафэщIхэр нэхъыжьхэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яIэу, илъэс куэдкIэ яхуэпсэуну. «Апхуэдэ зауэ афIэкIа зэи къремыхъу!» жиIэрт дэтхэнэми.

**Гу зылъытапхъэ**: медалыр 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м УФ-м и Президентым и унафэкIэ къыдагъэкIащ. Зы лъэныкъуэмкIэ зауэлIым и теплъэр тещIыхьащ, «ТекIуэныгъэ!» псалъэр Рейхстагым и блыным триттхэу. Абы и лъабжьэм «1945», «2020» бжыгъэхэр тетщ. Медалыр къызэбгъэдзэкIмэ, «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 75-рэ ирокъу» псалъэхэр тетхащ, вагъуэ къуапитхур и гъусэу.

**ЩОКЪУИЙ Iэминэ,**
*Дзэлыкъуэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



Абы дегъэпIейтей

# Наркотикым пэщIэтыну къыхураджэ

**КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэхэр, нарколог дохутырхэр КъБКъУ-м и «Точка кипения» центрым мазаем и 12-м студентхэм щаIущIащ. Зэхыхьэм хэтащ еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэхэри, апхуэдэу информационнэ технологиехэмкIэ колледжым и студентхэри. Ар трауху ат наркотикым зэрыпэщIэтыпхъэ Iэмалхэм.**

ПСАЛЪЭМАКЪЫР ирагъэжьэн ипэ къиху эу къызэхуэсахэр ирагъэплъащ «Наркотикыр. Абы зэрыдрагъэхьэхым и щэхухэр» фIэщыгъэр зиIэ видеотеплъэгъуэм. Студентхэм гурагъэIуащ, апхуэдэхэр зыщэхэм я мурад нэхъыщхьэр къызэрыгуэкI цIыхухэр къагъэсэбэпкIэрэ, ахэри наркотикым драгъэхьэхкIэрэ мылъку къалэжьынурауэ зэрыщытыр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и нарколог диспансерым и психолог Къущхьэ Залинэ къыхигъэщащ щIалэгъуалэм а щхъухь бзаджэр зрахьэлIэн щIыщIадзэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Ахэр къыхокI цIыхухэр тегушхуэгъуейуэ, я пщIэр ираудыхыжу зэрыщытым е гъащIэм къащыпэщIэхуэ гугъуехьхэм зэрыпэщIэтыну къару къащымылъыкъуэмыкIым. «Абы дихьэха цIыхухэм я гъащIэм пхэнжу зызэридзэкIым и мызакъуэу, наркотик къыздрахынум нэхъ гукъеуэ ямыIэжу къонэ, зэгуэр зыщыгуфIыкIыу щыта еджапIэри, унагъуэри, ныбжьэгъухэри IэщIыб ящI», - къыхигъэщащ Залинэ.

Нарколог дохутыр ПащIэ Артур абы къыпищэу жиIащ: «Сэ садолажьэ апхуэдэ цIыху сымаджэхэми, солъагъу, езыхэр хуэмеймэ, абыхэм зыкIи сэбэп уазэрыхуэмыхъуфыр. Фыкъыхузоджэ фысакъыну, дэтхэнэми жиIэр фи фIэщ фымыщIыну, фи гъащIэ псор зэтезыкъутэну Iуэху шынагъуэм зыдевмыгъэхьэхыну».

КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэ Бечелов Ислъам къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ наркотикхэкIхэр зезыхьэхэм, апхуэдэу абы зезыгъэубгъу дэтхэнэ цIыхуми ихьыну тезырхэм. КъыкIэлъыкIуэу наркотикхэкIхэр зэзыхьэлIэхэм къалъыкъуэкI Iуэху мыщхьэпэхэм, узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ зэран зэрыхъум тепсэлъыхьащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и медицинэ консультативно-диагностикэ центрым и психиатр-нарколог дохутыр Лобжанидзе Анзор.

УФСИН-м КъБР-м щиIэ къудамэм и лэжьакIуэ Гувэжыкъуэ Залинэ Iуэху мыщхьэпэм хэша хъууэ зи гъащIэр къута куэд щапхъэу къахуихьащ студентхэм. Наркотикым ипкъ иткIэ полицэм зи Iуэху къиIэта цIыхум адэкIэ къэкIуэну и гъащIэм бжэ куэдыр зэхуэщIа зэрыщыхъури къыхигъэщащ.

ЗэIущIэм хэта дзюдомкIэ спортым и мастер Бэрэздж Светланэ еджакIуэхэр къыхуриджащ, я хьэл-щэныр ягъэуву, къэухьым зрагъэужьу, спортым зыдрагъэхьэхыу, зэманыр я псэм дыхьэу ирагъэкIуэкIыным хущIэкъуну.

ЕджапIэ нэхъыщхьэмрэ колледжымрэ щIэс студентхэм хьэщIэхэм жаIэм щIэдэIум и мызакъуэу, яфIэгъэщIэгъуэн упщIэхэмкIи IэщIагъэлIхэм зыхуагъэзэну Iэмал яIащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

Жыжьэ - гъунэгъу

# Хэт хъуну Бекович-Черкасскэ Елмырзэ?

**Илъэс зыбжанэ ипэ «Адыгэ псалъэм» тетащ Прагэ щыщ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Чех Сватоплук (1846-1908) и къалэмыпэм къыщIэкIа «Шэрджэс» Iуэтэжыр. Ар урысыбзэкIэ зэридзэкIри, 1925 гъэм хэIущIыIу ищIауэ щытащ Бекович-Черкасскэ Елмырзэ.**

СЫТ И ХЪЫБАР езы Бекович-Черкасскэм? Ар 1899 гъэм Мэздэгу и Iэшэлъашэм - Бэчмырзэхэ я жылэм - къыщалъхуащ, Къэбэрдейми Урысейми щыцIэрыIуэ пщы лъэпкъым къыхэкIащ. И анэ ФатIимэт ХьэтIохъущокъуэхэ япхъущ. Мэздэгу, Шэткъалэ (Ставрополь), Тэрчкъалэ (Владикавказ) щеджащ, Граждан зауэм и зэманым Къэбэрдей шу дивизэм щыщ Къэбэрдей полкым хэтащ, штабс-ротмистр хъуауэ.

1920 гъэм и ужькIэ къэралым икIри, Прагэ (Чехие) щыпсэуащ, абы дэт Урыс университетыр къиухащ, 1928 гъэм дунейм ехыжащ.

Бекович-Черкасскэ Елмырзэ публицистикэ тхыгъэ гъэщIэгъуэн куэд къызэринэкIащ: «Возрождение горцев Кавказа», «Полезные растения Кавказа: лесные породы», «Борьба за язык на Северном Кавказе», «Из пражских записок горца», «Открытое письмо Н. А. Бигаеву», нэгъуэщIхэри. Зэгуэр къызэрыдэкI лъандэрэ ахэр традзэжакъым, нобэрей щIэблэр щыгъуазэ щIын хуейуэ яхуэфащэми.

**КЪАРТУЛ Гъузер.**

# УсакIуэ Балкъыз Батий дунейм ехыжащ



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Дунейм ехыжащ усакIуэ Балъкъыз Батий Ахьмэд и къуэр.

Ар Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1948 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыщалъхуащ. 1967 гъэм къуажэ школыр къиухри, а гъэ дыдэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Усыгъэм дихьэх щIалэм хуэфащэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыну мурад ищIри, 1981 гъэм Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым заочнэу щIэтIысхьащ икIи ар 1987 гъэм хъарзынэу къиухащ. 1991 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэтащ.

Балъкъыз Батий и усэхэр республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къытрадзэрт, уэрэдхэр къытращIыкIырт. Илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм абы и усэхэр щызэхуэхьэса тхылъу тху «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкIащ. УсакIуэ-зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Латынын Валерий игъэхьэзырурэ, ахэр «Молодая гвардия», «Аврора» журналхэм къытрадзащ, Кавказ Ищхъэрэм и иджырей усакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псэ зэIыхьлыхэм я вагъуэбэ» тхылъым 2017 гъэм хагъэхьащ. А гъэ дыдэм «Российский писатель» тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ Батий и усэхэр, балладэхэр, «Тхыдэм и гъуэгухэр» поэмэр щызэхуэхьэса «Псэм и нур» тхылъыр.

2018 гъэм Балъкъыз Батий «Урысейм и къыу хужьхэр» лъэпкъ литературэ фестивалым и лауреат хъуащ.

ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа а цIыху хьэлэмэтыр КъБР-м исхэм зэи ящыгъупщэнукъым.

***КъБР-м ЩэнабзэмкIэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я союз, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр.***

Обозревателым и псалъэ

# Ермэлыхэр зэтраукIауэ къэзылъытэхэм Сириер яхохьэ

**Сирием и ЦIыхубэ Советым (Парламентым) мазаем и 13-м зэдэарэзыуэ Iэ щаIэтащ Уэсмэн Тыркум ермэлыхэр хьэлэч къызэрыщащIар зымыдэ резолюцэм и телъхьэу.**

ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ агентствэхэм къызэратымкIэ, Уэсмэн империем ермэлыхэм лъапсэрых къызэрыщыхуагъэкIуар къалъытащ къэрал 30-м. Ауэ езы Анкара зиумысыжыркъым ермэлыхэр зэрызэтраукIамкIэ. Абы къыдощI, Азербайджанри яхэту, къэрал зыбжанэ.

Сирием и ЦIыхубэ Советым къищта унафэм пэджэжащ Арменим нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэр: «Дэ пщIэшхуэ худощI Сирием Уэсмэн империем ермэлыхэр зэрыщызэтраукIар къызэрилъытар. А хьэкIэкхъуэкIагъэр а зэманым Уэсмэн империем и тепщэныгъэм щIэта Сирием и щIыналъэм нэхъыбэу щалэжьащ, абы къыхэкIыу Арменимрэ Сириемрэ я цIыхубэм ар я зэхуэдэ тхыдэм хэтщ».

Тыркум и МИД-р пэджэжащ Сирием и Парламентым къищта унафэм. Абы ар «фэрыщIыгъэу» къилъытащ: «Нобэ Сирием и Парламентым 1915 гъэм Тыркум хьэкIэкхъуэкIагъэ щалэжьа хуэдэу къищта унафэр фэрыщIыгъэ зэфэзэщщ. Езы Сирием илъэс куэд хъуауэ цIыхухэр щызэтраукIэ, мелуанхэр щтапIэ ихьэжащ, я унэхэр ябгынэри. ИтIани мыукIытэу мэпсэлъэф».

Дауи, Дамаск илэжьар политикэ Iуэхуу зэрыщытым шэч гуэри къытумыхьэми хъунущ. Щхьэ ирагъэхьэлIа а унафэр мы зэманым? Ар къызыхэкIар Сириемрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэхэр Идлиб щIыналъэм щекIуэкIхэм я ужькIэ хуабжьу зэрызэщIэплъарщ.

Дамаск ича лъэбакъуэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщыIэ щытыкIэр нэхъри ткIий ещI. Абы нэхърэ нэхъыфIт иужь илъэсхэм Сирием щекIуэкIхэм хэпщIа къэралхэм а щIыналъэм щытыкIэр зэтес зэрыщащIыжыну Iэмалхэр къагъуэтамэ.

**ШАЛ Мухьэмэд.**



IуэхущIапIэ щхьэпэ

# ЩIалэгъуалэр псэкупсэу гъэсэным диным щиIэ мыхьэнэр

**КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм (УНК), Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыIэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и IэнатIэм я лэжьакIуэхэр хэтащ «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» акцэм хыхьэ «ЩIалэгъуалэр псэкупсэу гъэсэным диным щиIэ мыхьэнэр» Iуэху щхьэпэм.**

НАЛШЫК къалэм дэт курыт еджапIэ №10-м и класс нэхъыжьхэм щеджэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ яхуэзащ КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и подполковник **Давыдовэ Иринэ**, дин лэжьакIуэхэу КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**, IуэхущIапIэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу **Амщыкъуэ Анжелэ**, Мэзкуу Патриархатым и Псыхуабэ, Черкесск щIыналъэ Епархием и къудамэу КъБР-м щыIэм и лIыкIуэ **Осипов Константин**, КъБР-м КикбоксингымкIэ и федерацэм и президент **Къудей Алим**, Урысейм щIыхь зиIэ и тренер, ашихарэ-каратэмкIэ тIэунейрэ дунейпсо чемпион **Сэбаншы Мурат**, театрымрэ киномрэ я актёр **Хьэмырзэ Ахьмэд**, Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм и Жылагъуэ советым хэт **Бэгъуэт Хьэмидбий** сымэ.

Сыжажэ Алимрэ Амщыкъуэ Анжелэрэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ экстремист Iуэху щIалэгъуалэм я деж щыIэныр къэбгъэхъу зэрымыхъунум, лъэпкъым хуэфащэу гъэсэн зэрыхуейм.

Осипов Константин къызэхуэсахэр къыхуриджащ пщIэ зэхуащIыным, щIалэгъуалэм диным зыхуагъэзэным, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ тэмэму гъэсэным.

Полицэм и лэжьакIуэхэм къедаIуэхэм ягу къагъэкIыжащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр зыщэхэм административнэ, уголовнэ жэуап зэрахьыр, тепсэлъыхьащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэхэмрэ къррикIуэ шынагъуэм, наркотикыр зытегуплIа цIыхум щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр икIи хьэлъэ дыдэхэр илэжьынкIэ зэрыхъунум, абы терорым ехьэлIахэри хыхьэу.

Сэбаншы Мурат, Къудей Алим, Хьэмырзэ Ахьмэд сымэ къытщIэхъуэ щIэблэм ягу къагъэкIыжащ гъащIэ гъуэгу тэмэм къыхэхыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Чэнджэщ иратащ щIэныгъэм, спортым, гъуазджэм зыщагъэлъэгъуэну. Апхуэдэуи къызэхуэсахэм захуигъэзащ Бэгъуэт Хьэмидбий.

Iуэхум хэтхэм школакIуэхэр къыхураджащ гъащIэ узыншэм тетыну, жыджэрагъ яхэлъыну икIи жраIащ жылагъуэм щIэупщIэ щызиIэ цIыху къахэкIыну зэрагуапэр.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# Мы махуэхэм

**Мазаем и 15,** *щэбэт*

**♦Лыш узыр зэфыкI сабийхэм ядэIэпыкъуным и дунейпсо махуэщ**
**♦Урысей Федерацэмрэ Беларусь Республикэмрэ щагъэлъапIэ я къалэн ягъэзащIэу нэгъуэщI къэралхэм щыхэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъ махуэр**
**♦США-м и президентхэм я махуэщ**
**♦Канадэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ (ар 1965 гъэм къащтауэ щытащ)**
**♦Сербие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**
♦**1895 гъэм** макъамэм щыхурагъаджэ Урысей академиер, абы и къызэгъэпэщакIуэ Гнесинхэ зэшыпхъухэм я цIэхэр иджы зезыхьэр къызэIуахащ.
♦**1919 гъэм** Петроград театрыщIэ къыщызэIуахащ. Иджыпсту ар Товстоногов Георгий и цIэр зезыхьэ Драмэ Театр Иныр (БДТ).
♦**1921 гъэм** НКВД-м хыхьэу гъунапкъэхъумэ дзэхэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1947 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIащ совет цIыхухэм нэгъуэщI къэралхэм щыщхэм нэчыхь хуаIэну хуит зымыщI унафэ.
♦**1957 гъэм** Громыкэ Андрей СССР-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министру ягъэуващ. Илъэс щэщIым нэблагъэкIэ тетащ ар а къулыкъум.
♦**1960 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1976 гъэм** Инсбрук (Австрие) щызэхуащIыжащ XII ЩIымахуэ Олимпиадэр.
♦**1989 гъэм** советыдзэхэр Афганистаным къишыжыныр зэфIэкIащ. Абы 1988 гъэм накъыгъэм и 15-м щIадзат.
♦**1994 гъэм** УФ-м и президент къулыкъум и дамыгъэу къыщащтат Урысей Федерацэм и Президентым и штандартыр - мыхьэнэ хэха зиIэ ныпыр.
♦Италием щыщ, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа щIэныгъэлI щэджащэ **Галилей Галилео** къызэралъхурэ илъэс 456-рэ ирокъу.
♦Тэтэр усакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Джалиль Мусэ** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦Япэ адыгэ сурэтыщI-скульптор **Къалмыкъ Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Зумакулов Борис** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и член-корреспондент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Котляровэ Марие** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Израилым щыпсэу адыгэхэм ящыщ, щIэныгъэхэм я доктор, Кавказымрэ Шэрджэс щIыналъэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Хъун Яхья** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 16,** *тхьэмахуэ*

**♦Литвам щагъэлъапIэ Урысеймрэ Германиемрэ я унафэм къыщIэкIыу я къэралыгъуэр щызэфIагъэувэжа (1918 гъ.) махуэр**
♦**1571 гъэм** Грозный Иван Iэ тридзащ «Плъырхэм, гъунапкъэхъумэ IэнатIэхэм я IуэхукIэ» унафэм. Аращ Урысейм и дзэм теухуа япэ хабзэу къалъытэр.
♦**1722 гъэм** Пётр Езанэм къыдигъэкIащ «Пащтыхьыгъуэр зылъысынум теухуауэ» унафэр. Пащтыхьыр текIа нэужь абы и пIэ и къуэ нэхъыжьыр иувэу зэрыщыта хабзэр икъутэжащ а унафэм. Иджы къэрал унафэр зыIэщIэлъынур зыгъэувынур пащтыхьырт.
♦**1946 гъэм** ООН-м Экономикэ, социальнэ IуэхухэмкIэ и советым и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэ.
♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Харьков къалэр хуит къащIыжащ.
♦**1957 гъэм** СССР-м къыщащтащ «Псым итхьэлэхэр къызэрыригъэлам папщIэ» медалыр
♦**1976 гъэм** СССР-м и Камскэ автомобиль заводым КамАЗ автомобиль лIэужьыгъуэщIэр къыщыщIагъэкIащ.
♦Совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал **Тухачевский Михаил** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу. 1937 гъэм, пцIы тралъхьэри, яукIауэ щытащ ар.
♦Урысей шахматисткэ, цIыхубзхэм я дунейпсо зэпеуэм япэу чемпион щыхъуа **Менчик Верэ** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦Корее ЦIыхубэ-Демократие Республикэм и унафэщIу (1994 - 2011 гъэхэм) щыта **Ким Чен Ир** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Кубаным ЛэжьыгъэмкIэ и ЛIыхъужь, Краснодар крайм и губернатору, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и сенатору, Къэрал Думэм и депутату щыта **Кондратенкэ Николай** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакIуэ **Болэ Ильзитэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Америкэм щыщ теннисист, Шлемышхуэр къэхьыным папщIэ екIуэкI зэхьэзэхуэхэм 17-рэ щытекIуа **Макинрой Джон** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэс тIэкIу къыщесынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

**Мазаем и 17,** *блыщхьэ*

**♦ГумащIагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ**
**♦Урысей студент гупхэм я махуэщ**. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм ипкъ иткIэ ар 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ щагъэлъапIэ ди къэралым.
**♦Косовэ Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 2008 гъэм Косовэ и парламентым унафэ къищтащ къэрал щхьэхуэ зэрыхъум, ахэр Сербием къызэрыгуэкIым теухуауэ.
♦**1600 гъэм** Рим къалэм щагъэсащ Италием щыщ дин лэжьакIуэ, философ, усакIуэ Брунэ Джорданэ (и цIэ дыдэр Филиппщ).
♦**1852 гъэм** Эрмитажым, пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм зэхуихьэса сурэтхэр щахъумэ IуэхущIапIэу 1764 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытам, и бжэхэр абы зыщызыплъыхьыну хуейхэм къахузэIуихащ.
♦**1863 гъэм** Дунейпсо Жор Плъыжьыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1880 гъэм** урыс пащтыхь Александр ЕтIуанэр яукIыну етхуанэу теуащ, ауэ лагъымыр нэхъ пасэу къауэри, пащтыхьми абы и унагъуэми зэран яхуэхъуакъым.
♦**1935 гъэм** СССР и цIыхубэ комиссархэм я Советымрэ ВКП(б)-м и ЦК-мрэ «Москва Союзпсо мэкъумэш выставкэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ» унафэр къащтащ.
♦**1947 гъэм** «Америкэм и макъ» радиостанцым и нэтынхэр Совет Союзми къыщиубыду щIидзащ.
♦**1993 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ «Газпром» акционер зэгухьэныгъэр.
♦**2008 гъэм** Косовэ Республикэм и парламентым унафэ къищтащ Сербием къызэрыгуэкIым теухуауэ.
♦Урыс тхакIуэ, сабийхэм яхуэтхэ усакIуэ цIэрыIуэ, Сталиным, Лениным я щIыхькIэ ягъэуващ щыта саугъэтхэр зрата **Барто Агние** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.
♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Башир** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.
♦ТIасхъэщIэх, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Вартанян Геворк** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу. Ар зи пашэ гупырщ Сталиным, Черчилль, Рузвельт сымэ Тегеран 1943 гъэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэр къызэпаудыну хущIэкъуа нэмыцэ тIасхъэщIэх гуп хэхахам япэщIэтар, къэрал лIыщхьэхэм я шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщар.
♦УэрэджыIакIуэ, усакIуэ, композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Малежик Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Бэлэрыгъ и Iыхьэр хьэм фIешх.**

Баскетбол

# Иджы Тверь къапоплъэ

**Воронеж къалэм и «Согдиана» спорт уардэунэм мазаем и 5-10-хэм щекIуэкIащ 2005 гъэм къалъхуа хъыджэбз цIыкIухэм Урысей Федерацэм баскетболымкIэ и зэхьэзэхуэм и финал ныкъуэм и етIуанэ Iыхьэр. Абы текIуэныгъэр къыщихьащ Налшык и курыт еджапIэ №2-м и командэм.**

ХЭГЪЭРЕЙХЭМ къиицынэмыщIауэ, Тулэ, Вологдэ, Москва, Дон Iус Ростов, Налшык къалэхэм я гуп нэхъыфIхэр зыхэта зэхьэзэхуэр хуабжьу гуащIэ хъуащ. Абы хуэфэщэну зыкъыщагъэлъэгъуащ ди хъыджэбзхэм. Тхьэкъуэхъуэ Уэсмэн и унафэм щIэту Налшык къалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и управленэм курыт еджапIэ №2-м баскетболымкIэ щиIэ командэм хузэфIэкIащ я хьэрхуэрэгъу псори хагъащIэу финалым кIуэну. Ар мэлыжьыхь (апрель) мазэм Тверь къалэм щекIуэкIынущ.

Воронеж щыIа финал ныкъуэм и етIуанэ Iыхьэм и баскетболисткэ нэхъыфIу къалъытащ налшыкдэс Ерёминэ Дарье. Къиицынэмыщауэ, зэпеуэм кIэлъыплъахэм гулъытэ щхьэхуэ къыхуащIащ ди гупым и капитан Тау Саидэ, Игошкинэ Екатеринэ, Бланыхь Элинэ, Дмитриенкэ Вероникэ сымэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Лъэпкъ бзэ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэта Хъуран Батий

***Адыгэм къызэринэкIа тхыдэ гъуэгуанэм ущрипльэжкIэ, гу лъумытэу къанэркъым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ а зэманым къриубыдэу жылагъуэр здынэса лъагапIэхэр къызэрымыкIуэу зэрыщытым. Псом хуэдэжкъым бзэ щIэныгъэм игъуэта зыужьыныгъэ иныр. Ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щыщ еджагъэшхуэ, къэхутакIуэ куэд елэжьащ а унэтIыныгъэм. Къэбэрдей жылагъуэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зыщауужьыным гулъытэшхуэ хуэзыщIахэм ящыщщ хэкупсэ нэсу дунейм тета, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псэуа Хъуран Батий Лэкъумэн и къуэр. Аращ «Адыгэ псалъэ» (абы щыгъуэ «Къэрэхьэлъкъ») газетым и япэ редактору щытари зэрырагъаджэ «Адыгэбзэ» тхылъыр, «Урыс-адыгэ псалъалъэр» зи къалэмыпэм къыпыкIари.***

**• Япэ итахэр**

## И хэкум, адыгэм папщIэ псэуа



БАХЪСЭН щIыналъэм хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ (Къуэнхьэблэ) адыгэ жылэшхуэм 1890 гъэм и мазаем къыщалъхуащ Хъуран Батий. ЗыхуэзэфIэкI унагъуэм къыщыхъуа щIалэщIэм пэщIэдзэ щIэныгъэ ирагъэгъуэтри, Мэздэгу дэт педучилищэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и курсхэр къыщрагъэухыжащ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм лэжьэн щыщIидзащ Анзор Къайсын и къуажэм (иджы Анзорей), иужькIэ щригъэджащ Налшык дэта реальнэ училищэм. Лъэпкъым и къэкIуэнум папщIэ гуузлыуз зиIэ щIалэм Iуэхугъуэф I куэд щызэфIихащ жыджэру зыхэта «Къэбэрдейхэмрэ Налшык округым щыпсэу нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэмрэ щIэныгъэ ягъэгъуэтыным хуэлажьэ зэгухьэныгъэм».

Хэкум, зыщыщ къэралым и къуэ пэжыр лIыгъэ зэрихьэу хэтащ Япэ дунейпсо зауэм, прапорщикыу дзэм къыхэкIыжащ. 1917 гъэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэ иныр къэхъуу абы къэрикIуа зэхъуэкIыныгъэхэр ди щIыналъэм къэса нэужь, щIэныгъэм и нэхур бэм яхэзыхьэну щIэхъуэпс Хъуран Батий и жэрдэмкIэ Налшык къыщызэIуахауэ щытащ ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэр. Абыхэм щеджа IэщIагъэлIищэхэр иужькIэ цIыхухэм яхыхьащ, щIэныгъэншагъэр жылагъуэм щыгъэкIуэдыныр я къалэн нэхъыщхьэу.

Революцэшхуэм и ужькIэ адыгэбзэр урыс грамматикэм и хьэрфхэм хуагъэкIуауэ щытащ. ИлъэситIщы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъхэр къэгъэлъэгъуэныр хьэрып хьэрфылъэм хуагъэкIуэжащ. АбыкIэ къэбэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ. ИужькIэ, 1923 гъэм и пэщIэдзэм, адыгэбзэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIа зэIущIэ ин Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэр дяпэкIэ латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. Лъэпкъыбзэу дунейм тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр иджы латин хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуэным яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. А зэманым ар Налшык округым щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу лажьэрт.

Дэфтэрхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Хъураныр хуабжьу щыгуфIыкIат апхуэдэ унафэ бзэм зэрытращIыхьам, сыту жыпIэмэ, псом япэрауэ, ар зэгъэщIэгъуафIэт. КъинэмыщIауэ, дунейм тхыбзэу тетым я нэхъыбапIэр зытетыр а латин тхыкIэрат. Апхуэдэуи (ар Хъураным и дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэт) адыгэхэм я нэхъыбапIэр зыщыпсэу хамэ щIыпIэхэм щызекIуэ бзэхэм я макъхэри къызэрыгъэлъэгъуар латин хьэрф тхыкIэмкIэт. Батий щIэхъуэпсырт дэнэкIэ щыIэ ди лъэпкъэгъури зэпыщIэжыным, абы сэбэп хуэхъуну къилъытэрт тхыкIэ зэщхь зиIэ бзэхэр.

Дзыхь къыхуащIа къалэныр зэман кIэщIым къриубыдэу икIи щытхъу пылъу зэфIигъэкIащ Хъураным. Иджырей тхыдэмкIэ дэфтэр хъумапIэм щIэлъ тхылъхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, 1923 гъэм накъыгъэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэр областной гъэзэщIакIуэ комитетым унафэ щхьэхуэ къыдигъэкIащ латин графикэм тет адыгэбзэр ди щIыналъэм къыщащтэным теухуауэ.

Абы и пэкIэ, накъыгъэм и 3-м, партым (РКП(б)-м) и обкомым и бюром и зэIущIэ екIуэкIам мыпхуэдэ унафэ къыщащтат:

*«...а) «Красная Кабарда» газетым къытехуэ тхыгъэхэм ящыщ Iэмал имыIэу адыгэбзэкIэ тедзэн. Абы папщIэ:*

*1. Къэбэрдейм и щIэныгъэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я къару псори къэбэрдей шрифтыр къызэгъэпэщыным ехьэлIэн.*

*2. ЦИК-м, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм я зэфIэкIхэр къэгъэсэбэпауэ къэбэрдей шрифтыр гъэхьэзырыным ихьыну мылъкур къэгъуэтын. А Iуэхур мы илъэсым и шыщхьэуIу пщIондэ зэфIэгъэкIын».*

Латин хьэрф тхыкIэм Хъураным иригъэзэгъа адыгэбзэм и алфавитым щыгъэгъуэзэн хуейт цIыхубэр. Абы щхьэкIэ ар къытрадзащ а зэманым ди щIыпIэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIыу щыта «Красная Кабарда» газетым, апхуэдэу ар напэкIуэцI щхьэхуэуи къыдагъэкIырт. А мурадыр яIэу Елбэд Хьэсэнрэ Къэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм къыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. Зи бжыгъэкIэ куэд хъу а къыдэкIыгъуэр занщIэу зэбгрыкIауэ щытащ. Ар зрагъэщIэну я нэ къикIырт щIэныгъэм щIэхъуэпс, гъащIэщIэр зи плъапIэ цIыхубэм. ЩIэблэм щIэныгъэр а хьэрфылъэмкIэ къащтэным сэбэп хуэхъуащ а лъэхъэнэм ди щIыпIэм школхэр къызэрыщызэIуахари. Абыхэм адыгэбзэр щезыгъэджыну IэщIагъэлIхэр япэщIыкIэ зэхуашэсурэ алыфбейм и тхыкIэмрэ къеджэкIэмрэ щыгъуазэ хуащIырт. Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм пэрыт т Хъуран Батии. АлыфбеищIэмкIэ тхэуэ икIи еджэу абы иригъасэрт газет лэжьакIуэхэр, школ егъэджакIуэхэр. Апхуэдэу ар и редакторт адыгэбзэкIэ къыдэкI тхылъхэм, езыми апхуэдэ тхыгъэхэр игъэхьэзырурэ лъэпкъ газетым къытрыригъадзэрт.

АдыгэбзэкIэ газетыр къыдэгъэкIыныр нэсу зэтеублэжа щыхъуар 1924 гъэрщ. А илъэсым дэнэкIи къыщагъэсэбэп хъуащ латин графикэм тет адыгэ алыфбейр. Абы арэзы техъуат къэралым и Правительствэр икIи адыгэ лъэпкъ тхыбзэм и лъабжьэу ар къэщтэнымкIэ унафэ щхьэхуи ищIат. А гъэ дыдэм мэкъуауэгъуэм и 1-м дунейм къытехьащ «Къэрэхьэлъкъ» газетым и япэ номерыр. 1924 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м зэхэта VI областной парт конференцым щищIа докладым РКП(б)-м и секретарым мыпхуэдэу щыжиIауэ щытащ: «Газетхэм уатепсэлъыхьмэ, «Къэрэхьэлъкъ» газетыр бзищымкIэ къыдокI. Ар ехъулIэныгъэшхуэу къыдолъытэ. Газетыр къызэрыдэкI бжыгъэр иджыри мащIэщ: ар 800-1000 хъуми аращ, ауэ абы хэхъуэурэ макIуэ. Фызэрыщыгъуазэщи, адыгэбзэм и алыфбеищIэр дубзыхуагъащIэщ. Абы и «Букварри» иджы дыдэщ дунейм къыщытехьар... АдыгэбзэкIэ газетыр къыдэгъэкIыным кIэлъыплъыну гуп къызэдгъэпэщащ. Абы хэтщ ныбжьэгъухэу Махъсидэр, Къуэкъуэжьыр, Къамбийр».

«Къэрэхьэлъкъыр» адыгэбзэкIэ къызэрыдэкIыр куэдкIэ и фIыгъэт Хъураным. ИпэкIэ къэтхьа дэфтэрым зи гугъу щащI «Букварри» Хъуран Батийт зи къалэмыпэ къыщIэкIари. АлыфбеищIэм зэман пыухыкIакIэ хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхущыщIэхэр хилъхьэжри, Хъураным ар 1924 гъэм буквару къыдигъэкIауэ щытащ.

Иджырей «Букварыр» уи нэгу къыщIегъэхьэж илъэс 95-рэ ипэкIэ дунейм къытехьа тхылъ цIыкIум. Зи бжыгъэкIэ мини 5 хъу тхылъыр «Къэрэхьэлъкъ» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIауэ щытащ. Абы итщ сурэтхэр, я лъабжьэм абы зэреджэмрэ а псалъэм и тхыкIэмрэ кIэщIэтыжу. Апхуэдэ щIыкIэм тету Алыфбейм («Къэбэрдей тхылъ. Алыфбей» - аращ абы зэреджэу и япэ напэкIуэцIым итыр) къыщыхьащ адыгэ хьэрфылъэр. Ар зэхэтщ зи закъуэ дамыгъэ 22-рэ абыхэм къатекIыжа хьэрф зэгуэтхэу. Зэ IуплъэгъуэкIэ хьэрфылъэм уи нэгу къыщIегъэувэ инджылызыбзэр. Абы емыщхьу хэт хьэрфхэр куэд хъуркъым. Букварым итщ бжыгъэхэри, 1-м къыщыщIэдзауэ 100-м нэс. Абы къыщыбгъуэтынущ еджэкIэм ухуезыгъасэ тхыгъэ кIэщIхэр, хъыбархэр, таурыхъхэр. Ахэр ятеухуащ адыгэхэм я псэукIэм, гъащIэщIэм и дамыгъэхэм, унэ, мэз псэущхьэхэм.

АдыгэбзэмкIэ еш имыщIэу зэрытхэм, абы ехьэлIа къэхутэныгъэхэр зэригъэкIуэкIым нэмыщI, Батий хэплъэжырт а бзэмкIэ тхауэ «Къэрэхьэлъкъым» и редакцэм къахь корреспонденцэ псоми, тхыгъэхэр зэригъэзэхуэжырт, алыфбеищIэм иригъэзагъэу, жыпIэнурамэ, адыгэ газетым и редакторт.

Газетым жылагъуэм щIэупщIэшхуэ щиIэт. «Къэрэхьэлъкъым» къытехуэ тхыгъэхэм ящыщ куэд хуэунэтIат алыфбеищIэр, тхыбзэр школакIуэ ныбжьыщIэхэми балигъхэми егъэщIэным. А Iуэхум хуэунэтIа тхыгъэхэр нэхъ хьэрфышхуэкIэ къэщыпат икIи газетеджэм гу нэхъ зылъитэ хабзэ напэ Iыхьэм ирагъэувэрт. АнэдэлъхубзэкIэ къыдэкI газет закъуэр, «Къэрэхьэлъкъыр», цIыху минхэм я дежкIэ зэреджэ, гъащIэщIэм ухуэзышэ, абы и хабзэхэмрэ гупсысэхэмрэ ухуэзыгъасэ икIи гъуэгу захуэ утезыгъэувэ гъащIэ тхылът.

Адыгэ газетыр ди щIыналъэм ди бзэмкIэ къыщыдэгъэкIын мурадым и закъуэтэкъым Хъураным и гупсысэ куухэр здынэсу щытар. Абы и хъуэпсапIэт дунейм щикъухьа хъуа ди лъэпкъэгъу псори зы бзэкIэ, зы тхыкIэ зиIэ хьэрфылъэм къигъэщI бзэкIэ зэпсалъэу, я Iуэху зэрыщIэу псэуныр. ИкIэм-икIэжым апхуэдэ зэпыщIэныгъэм ахэр зы ищIыжыным хуэгъэпсат еджагъэшхуэм и IуэхущIафэхэр. Зы лъэпкъым щыщ цIыху псори, ахэр зыщыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, зы бзэкIэ псэлъэныр, тхыгъэ зэхуэдэ яIэныр, я алыфбейхэр зэхуэдэу щытыныр - апхуэдэ Iуэху еплъыкIэхэр я лъабжьэт Хъураным лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэ иным. А Iуэхур - зэлъэпкъэгъу бзэхэм я алыфбейр зэтегъэхуэныр - зи къалэн нэхъыщхьэ щIэныгъэ конференц Тэн Iуфэ Iус Ростов къалэм Хъураным и жэрдэмкIэ щызэхашауэ щытащ 1925 гъэм. Абы къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, зы алыфбейт яIэн хуейр, псалъэм папщIэ, абазэ-адыгэ бзэ гупым хыхьэ бзэхэм щыщ зыIурылъ лъэпкъ псоми: къэбэрдейхэми, шэрджэсхэми, адыгейхэми, абазэхэми, ...

А Iуэхухэм я ужь итт, 1926 гъэм Хъураным къулыкъу лъагэ къыщыхуагъэфэщам. Ар ягъэувауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и пашэу. Тэн Iуфэ Iус Ростов къалэм щылажьэу, абы IэщIыб ищIакъым и мурадхэр. Илъэс нэхъ дэмыкIыу дунейм къытехьащ Батий зэхигъэува «Урыс-адыгэ псалъалъэр». Псалъэ мин бжыгъэ куэд зэрыхуа тхылъыр щIэныгъэлIым Москва къыщыдигъэкIауэ щытащ. А тхылъыр хуабжьу сэбэп хъуащ адыгэбзэр школхэм щегъэджынымкIэ: адыгэ тхыбзэм зыхуезыгъасэ, урысыбзэр зымыщIэххэ цIыхубэм я дежкIэ ар щIэныгъэм и нэхур къахузэIузых фIыгъуэт.

И лъэпкъым хуищIэну и мурада псоми и гъунэ ирилъа къудейт адыгэлI щэджащэр дунейм щехыжам щыгъуэ. 1927 гъэм и бадзэуэгъуэм и 12-м Хъураныр ягъэтIысауэ щытащ. Ар ягъэкъуаншэрт контрреволюцэ гупым хэтауэ, Совет властым и лъабжьэр къэзыгъэтIасхъэ Iуэхугъуэхэр илэжьауэ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэнумэ, Хъураным игукIи и псэкIи къиштат властыщIэр икIи и къару псори ирихьэлIэрт цIыхубэр щIэныгъэм хуэшэным, абы и гупсысэм, дуней еплъыкIэм, къэухьым зригъэужьыным. ЗэрыхеймкIэ тхыгъэ игъэхьэзыру езыр щаIыгъ гъэрэщым и унафэщIхэм яхуигъэхьами, еджагъэшхуэм къеплъа щыIэкъым. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, 1928 гъэм, шыщхьэуIум и 12-м Хъуран Батий тутнакъэщым исэу яукIащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 38-рэ хъуауэ арат. Батий ящыщщ къэрал властым лажьэншэу IэщIэкIуэда ди цIыху минхэм...

Апхуэдэ гъащIэ кIэщI, ауэ купщIафIэ иIащ ди лъэпкъэгъу щэджащэ, адыгэ узэщIакIуэ, еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI икIи хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Езыр щымыIэжми, абы зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм иджыри илъэс бжыгъэкIэ яхуэлэжьащ. Ар щахъуэжар 1936 гъэращ.

1962 гъэм Хъураныр хей ящIыжащ. Нобэ абы и цIэр зэрехьэ щалъхуа Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт курыт школым. Налшык къалэ администрацэм и унафэкIэ 1996 гъэм Хъуран Батий и цIэр фIащащ къалащхьэм и уэрамхэм ящыщ зым. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, акъыл жан зиIа, хэкум ифI къызэрыкIын мурад дахэр зи плъапIэу псэуа цIыху щыпкъэм и фэеплъыр зэман кIыхькIэ жылагъуэм щымыкIуэдыжынщ. Адыгэбзэм, адыгэ газетым теухуауэ щIэныгъэлI щэджащэм и псэм щигъэфIа и гурылъхэр нобэрей адыгэхэм тщыгъупщэ хъунукъым. Ахэр зэфIэха хъуным гурэ псэкIэ йолэжь ди лъэпкъым щыщ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ куэд, Батий зытриша лъагъуэр хамыгъэгъуэщэжу, абы бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэм пщIэ хуащIу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## «Си лэжьыгъэм сыпэрыувэжыну Iэмал къызэфт»

**• Иужьрей тхыгъэ**

**Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэр ящыщщ Хъуран Батий иужьрей дыдэу и къалэмыпэм къыщIэкIахэм. Иджырей тхыдэм и дэфтэр хъумапIэу Налшык къалэ щыIэм, Хъураным и цIэр зезыхьэ уэрамым тетым, къыщыдгъуэтащ мы тхыгъэр, Хъуран Батий и фондым хэлъу. ЗэрынэрылъагъущиI, мыр зи къалэмыпэм къыпыкIар, езым зэрыжиIауэ, «гущIэгъулъыхъукъым, атIэ лей зылъыса цIыхущ», унафэщIхэм я зэхэщIыкIымрэ жэуаплыныгъэмрэ щыгугъыу...**

*«СКК-м и ОГПУ-м и ПП-м, ныбжь. Евдокимовым деж СКК-м и ОГПУ-м и ПП-м и ДПЗ-м ягъэтIысауэ ис Хъуран Батий Лэкъумэн и къуэм къыбгъэдэкIыу*

**ЛЪЭIУ ТХЫЛЪ**

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м сэ сагъэтIысащ СКК-м и ОГПУ-м и ПП-м и КРО къудамэм и унафэкIэ. Сэ къыстралъхьэ контрреволюцэ гупым сыхэтауэ икIи 58-нэ статьямкIэ сагъэкъуаншэ. Сэ нэгъэсауэ сощIэж сызэрыхейр икIи си фIэщ мэхъу ар наIуэ къызэрыхъунур, следствиер адэкIэ кIуэтэху. ЩыIэкъым икIи щыIэнукъым къэзыIуэтэфын сэ властым и бий гуп гуэрым ипэкIэ сыхэтауэ е сыхэту. Сэ сощIэ: сыщIагъэтIысам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Къундет Тоня къыбгъэдокI. АбыкIэ бзылъхугъэм къегъэсэбэп и щхьэгъусэ ныбжь. Къалмыкъым иIыгъ къулыкъур...

Жэпуэгъуэ Революцэшхуэм и пэкIи абы и ужькIи си гъащIэ псор теухуауэ щытащ Совет властыр ди щIыпIэм щыгъэувыным, япэщIыкIэ Къэбэрдейм, иужькIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм. Си пролетарскэ гупсысэкIэм щыхьэт тохъуэ сыкъызыхэкIа мэкъумэшыщIэ унагъуэри. Бабыгуейм и мэкъумэшыщIэхэм я зэщIэхъееныгъэм зэрыхэтам къыхэкIыу илъэсипщIкIэ ягъэтIысауэ щытащ си адэр. Сэ, абы и къуэр, сигукIи си щхьэкIи сыхуэзэуащ Совет властым, жыджэру сыхэтащ революцэм. Абы и лъабжьэхэр гъэбыдэнми сыт щыгъуи сыхущIэкъуащ.

1917 гъэм Налшык гъуанэдэуэу къыщызэуа офицерым уIэгъэ хьэлъэ сищIауэ щытащ, Псыхуабэ и большевикхэр дагуэн мурадкIэ абы дзэхэр ягъэкIуэныр сымыдэу пэкIум сыкъызэрыщыпсэлъам къыхэкIыу. Абы щыгъуэм къыстехуа шэр лъакъуэ къупщхьэм хыхьэри, сэ ныкъуэдыкъуэ сищIащ, лэжьыгъэ хьэлъэ схуэмыхьыжу. 1918 гъэм Налшык округым и комиссару сыщыту, сэ си гъащIэм мызэ-мытIэу къещащ Инэрыкъуэпщхэм ящыщ офицерхэр. Абыхэм я мурадащ Совет властым и телъхьэ цIыху жаныр лэжьыгъэм къыпэрагъэкIыну, арщхьэкIэ ар къайхъулIакъым. Сыт хуэдэ щытыкIэ хьэлъэ абыхэм срамыгъэувами, сэ зэи сепцIыжакъым си мурад нэхъыщхьэм - Совет властым гукIи псэкIи сыхуэлэжьэн, абы и ехъулIэныгъэхэм папщIэ си къаруи, зэфIэкIи, щIэныгъи сыщымысхьын. Апхуэдэ гъуэгум сэ зэи зыми сытригъэкIыфынукъым. Къундетхэ я пщы гуащэми къехъулIэнукъым сэ контрреволюцэм и «фащэ» къысщитIэгъэн.

Совет властым гукIи псэкIи сызэрыбгъэдэтым и щыхьэт нэхъыфIщ ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр сиIэу, Iуэхугъуэф Iхэр пхызгъэкIыу щэнхабзэм, егъэджэныгъэм и IэнатIэ зэхуэмыдэхэм илъэси 10 енкIэ сызэрыщылажьэр. Си къару есхьэлIэурэ Налшык къыщызэIуезгъэхыжащ егъэджакIуэхэр щагъэзыр техникум, апхуэдэу къуажэ школхэм егъэджэныгъэр зэтеубла щыхъуным сыхущIэкъуащ, еджапIэ пэшхэр, клубхэр щIэныгъэм хуэлажьэ сщIащ. ЕгъэджэныгъэмкIэ япэ наркому сыщыткIэрэ, сэ гулъытэ хэха хуэсщIащ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ щIэблэ щыпIэм къихъуэным, бгырыс бзылъхугъэр еджэным, щэнхабзэ Iуэхухэм дегъэхьэхыным. А зэманым и кIуэцIкIэ ди щIыналъэм къыщызэIутха апхуэдэ еджапIэхэм нобэ щоджэ школ ныбжьым ит сабий мин 12-м щIигъу, ди гугъа мини 2,5-м и пIэкIэ. Ахэр ирагъаджэ иужьрей зэманым дгъэхьэзыра IэщIагъэлIи 100-м.

Зи IэнатIэр гу щIыIэу езыхьэкIхэми зэи сащыщакъым. Сыт щыгъуи сыхущIэкъуащ си къалэным къызэщIиубыдэ дэтхэнэ унэтIыныгъэми щекIуэкI Iуэхугъуэхэм си щхьэкIэ сазэрыкIэлъыплъыным, абыхэм лъэпощхьэпо гуэр хэлъмэ, ар гъэзэкIуэжыным, цIыхубэм яфI, щIыналъэм и ехъулIэныгъэ хэлъу. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ къэрал IэнатIэм сызэрыпэрыта илъэси 10-м, абы къыдэкIуэу егъэджакIуэу сызэрылэжьа илъэс 18-м къриубыдэу си Iуэху зехьэкIэкIэ зэи дагъуэ гуэри къызэрыспамыIэтар, дзыхь къысхуащI IэнатIэр езгъэфIакIуэу зэрес-хьэкIар.

ГъащIэщIэм и лъабжьэр бгырыс лъэпкъым къиштэным хуолажьэ зэхэзгъэува къэбэрдей алыфбейри. Си фIэщ мэхъу латин графикэм тет а тхыбзэм цIыхухэм щэнхабзэ, щIэныгъэ я лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ ин къазэрыхуихьынур...

Узыщызгъэгъуэзахэр Iуэхуу зэфIэзгъэкIахэм ящыщ Iыхьэ мащIэщ. Адрейуэ мы тхыгъэм зи гугъу щызмыщIахэм фIыуэ щыгъуазэщ къыздэлэжьа къулыкъущIэхэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэхэм я унафэщIхэр. Тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIри гущIэгъулъыхъукъым, атIэ пцIы зытралъхьэу ягъэтIыса, лей зылъыса цIыхущ. Апхуэдэу сызэрыщытыр къэплъытэу, сыпщогугъ сэ стехуауэ къаIэта Iуэхур ебгъэгъэтIылъыну, си лэжьыгъэм сыпэрывгъэувэжыну, зыхэпсэукIын ямыIэу къэна, гъаблэм иIыгъ си унагъуэр спIыжыну Iэмал къызэфтыну. Уи унафэм щыгъуазэ сыхуэпщIыну сынолъэIу.

*СКК-м и ОГПУ-м и ПП-м и ДПЗ. Тэн Iуфэ Iус Ростов къалэ. 1927 гъэ, щэкIуэгъуэм и 9*

## Хуэхъуащ щIэдзапIэ

**Адыгэ щIэныгъэлI щыпкъэ Хъуран Батий Лэкъумэн и къуэр къэбэрдей-шэрджэс лексикографием и лъабжьэр зыгъэтIылъа, абы и зыужьыныгъэм щIэдзапIэ хуэхъуа лэжьыгъэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIа еджагъэшхуэщ. Абы и щыхьэтщ лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 гъэхэм Батий къыдигъэкIауэ щыта «Адыгэбзэ», «Урыс-адыгэ псалъалъэ» тхылъхэр. Адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым къыщалъхуа щIалэр куэдым хунэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Совет властыр щыщагъэув лъэхъэнэм аращ егъэджэныгъэмкIэ япэ наркому (иджы егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр къалэным хуокIуэ) адыгэхэм диIар.**

ЦIЫХУБЭМ щIэныгъэ егъэгъуэтыным хуэгъэпсауэ щытащ абы и гъащIэ мащIэр. Аращ Батий и гуащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэри. Луначарскэр и чэнджэщэгъуу, Хъураным и жэрдэмкIэ, 1918 гъэм Налшык къыщызэIуахауэ щытащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум. Батий и фIыгъэкIэ егъэджэныгъэр щызэтрагъэувэжауэ щытащ Налшык и реальнэ училищэмрэ бгырыс еджапIэмрэ. Бзэ щIэныгъэлIхэу Борыкъуей ТIутIэ, ЩэрэлIокъуэ Талъостэн, Цагъуэ Нурий сымэ, нэгъуэщIхэми я гъусэу Хъураныр яужь ихьауэ щытащ адыгэ тхыбзэр зэгъэпэщыным, ар зэрегъэджын хуей методикэм и Iэмалхэр убзыхуным. Абыхэм теухуа лэжьыгъэ зыбжани и къалэмыпэм къыщIэкIащ.

1926 гъэм Хъураныр цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ къудамэм и инспектору ягъэуващ. А лъэхъэнэм абы къыдигъэкIауэ щытащ «Урыс-адыгэ псалъалъэр». Псалъэ мини 6-м щIигъу зэрыхуа а тхылъыр лексикографиемкIэ лэжьыгъэ къудейкъым, атIэ абы къегъэлъагъуэ совет властым и илъэсхэм адыгэбзэм къыщыхъуу хуежьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Языныкъуэхэм деж Хъураныр хущIокъу нэгъуэщI лъэпкъхэм я псалъэхэм къикIыр щIэнгъуазэхэм зэритым хуэдэу къиIуэтэну. Псом хуэмыдэу ар хыболъагъуэ псалъалъэм и пэщIэдзэ Iыхьэм. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Хъураныр хущIэкъуауэ къыщIэкIынущ и IэдакъэщIэкIым псалъэгъэнахуэ мыхьэнэ иритыну.

Жэпуэгъуэ Революцэ иным и ужькIэ ди бзэм иIа щытыкIэм и фэеплъ нэсу къэплъытэ хъунущ Хъураным и псалъалъэр. Ар щIэдзапIэ хуэхъуащ щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ куэдым, зэхалъхьа псалъалъэхэм, зытетхыхьа щIэныгъэ Iуэху зыбжанэм. Хъуран Батий хуэдэхэращ лъэпкъ бзэ щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтар, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ инхэр хуащIу.

**АПАЖЭ Мухьэмэд,**
*бзэ щIэныгъэхэм я доктор.*

## Усыгъэхэр

КЪАГЪЫРМЭС Борис

* * *

**IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъыр,**
**уи гуапагъэр**
**Куэд щIауэ псэкIэ зыхэсщIэу сопсэу.**
**СлъэкIамэ, ахэр минкIэрэ згъэбагъуэу,**
**Сыпхуэлэжьэнти, си бзэ, гъащIэ псом.**

**Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур,**
**СиIэту уэрщ сизыхьэр лIыгъэ уэгу.**
**Ди лъэпкъым щыщми, бзэр**
**зыфIэмыIуэхур**
**Адыгэу плъытэу, уиплъэ хъун и нэгу?!**
**ФIокIуэдыр и бзэр уэ узыфIэкIуэдым,**
**Къыпхужызыыэм: «Бзэ**
**лъэрымыхь цIыкIущ...»**

**Уэ къыпхуэпэж уи бын**
**гуащIафIэ куэдым**
**Я тхыгъэхэр ипхьащ къэрал утыку.**
**Уэ Iэщэ жану уриIащ Бэчмырзэ.**
**Ар закъуэныгъэм щиубыдам - уэ зырщ**
**Къыкъуэувар, и щэху**
**зрихьэлIа гъусэу, -**
**Урителъхьэну пэжым ухьэзырщ.**

**Алий и усэм дамэ лъэщ ухуэхъури,**
**ПIэтащ и псалъэр,**
**налкъут зэщIэлыдэу.**
**Пэжыгъэм, лIыгъэм ди бзэкIэ**
**дехъуэхъури,**
**ДыщыуващгъащIэщIэм, ди лъэр быдэу.**

**Сэ уи къэкIуэнум согупсысыр куэдрэ,**
**Сыхуейщ уи гъащIэр хъуну**
**нэхъри кIыхь.**
**Насып иIэжкъым лъэпкъым,**
**и бзэр кIуэдмэ, -**
**ЗауэлI Iэщэншэу, мэхъу ар лъэрымыхь.**
**Хуэблэжьыр лъэпкъым нэхъри**
**уэ бгъэбагъуэу,**
**Ди адыгэбзэ, куэдрэ утхуэпсэу!**
**IэфIыгъэу, лIыгъэу пхэлъым,**
**уи гуапагъэм**
**Щыгъуазэ сщIынт, слъэкIамэ,**
**дуней псор.**

КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт

* * *

**Адыгэбзэр си псэкъым,**
**Адыгэбзэр си нэкъым,**
**Си псэм хуэдэр си анэрщ,**
**Си нэм хуэдэр си адэрщ.**

**Адыгэбзэр псысэкъым,**
**Iейуи сыгупсысэкъым -**
**Ар си нитIым я нэщи,**
**Ар схэлъ си псэм и псэщи...**




● Шхыныгъуэхэр

## КIэртIоф гъэбэкхъа

КIэртIофыр яукъэбз, IупщIэурэ яупщIатэ. Бжьыныщхьэ укъэбзар мазэ ныкъуэм хуэдэу яупщIатэ. Бжьыныху укъэбзар тыкъыр цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ, шыбжий сыр мыхьэжар зэпэплIимэ цIыкIуурэ зэпаупщI. Шыуаным тхъу иралъхьэри къагъэплъ градуси 120 - 130-рэ хъууэ. Абы бжьын упщIэтар, бжьыныхур халъхьэри, зэIащIэурэ тхъуэплъыфэ къытеуэхукIэ ягъэлыбжьэ, итIанэ абы халъхьэ шыбжий упщIэтар. Псори зэрызэщIэлъу ягъэлыбжьэ тхъуэплъ дахэ хъухукIэ, итIанэ кIэртIоф укъэбзар халъхьэ, шыгъу траудэ, лэпс пщтыр щIакIэ, зэIащIэри, шыуаныщхьэр тепIауэ мафIэ щабэм тету ягъэбэкхъ хьэзыр хъуху, псыр щIэвэщIэху. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ, пIастэ, мырамысэ, щIакхъуэ и гъусэу.

*Халъхьэхэр* (цIыхуитI Iыхьэ): кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 300, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50, бжьыныху укъэбзауэ - грамми 10, тхъууэ - грамми 100, лэпсу - грамми 100, шыбжийуэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

## Ху хьэлIамэ

Хугу хьэжыгъэмрэ нартыху хьэжыгъэмрэ япэ щIыкIэ яухуэнщI, тепщэчышхуэм иракIутэри, бэлагъкIэ зэIащIэурэ, шыгъу зыхэлъ псы пщтырыр хакIэ. Япща иужь, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ сыхьэти 3 - 4-кIэ щагъэт, гуэдз хьэжыгъэ тIэкIу щIапщэж. ИтIанэ нартыху хьэлIамэм хуэдэу ягъавэ. Къыхахыжри, псы щIыIэ дагъэжэхыж. ХьэлIамэпсым шыбжий плъыжь хьэжа зыхэлъ бжьын гъэлыбжьа тракIэри, хьэлIамэм драф.

*Халъхьэхэр* (цIыхуитI Iыхьэ): ху хьэжыгъэу - г 200, гуэдз хьэжыгъэу - г 20, нартыху хьэжыгъэу - г 60, шэуэ - г 80, тхьэвым щхьэкIэ псыуэ - г 80, хьэлIамэ зэрагъэвэну псыуэ - г 1500-рэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Нэщэнэхэр

## Фошыгъу ипкIутмэ...

**●Хьэкъущыкъу къэчам уишхыкIыныр фIыкъым жаIэ.**
**●Фошыгъу умыщIэу ипкIутмэ, унэм фIыгъуэ гуэр къыщIыхьэну хуагъэфащэ.**
**●Шыгъу ипкIутмэ, псалъэмакъ ухохуэ.**
**●Пщэдджыжьым япэу цIыхухъу уIущIэныр махуэфI къызэрыппэщылъым и нэщэнэу жаIэ.**
**●Куэдрэ удыхьэшхмэ, угъыжу къалъытэ.**
**●ЦIыхуитIым зэгъусэу зы псалъэ къажьэдэхуамэ, ахэр зэрыс унагъуэм хьэщIэ къихьэну хуагъэфащэ.**

● Щымахуэ теплъэгъуэ



**Мис иджыщ щIымахуэр къыщысар.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Псалъэ Iущхэр

## Данэр лъапэкIэ зэрехуэ

**♦Мыщхьэх дахащIэщ.**
**♦Хуэмыху и Iуэху блэкIыркъым.**
**♦Набдзэ ищI фIэщIурэ нэр ирищIащ.**
**♦Хьымылъхьэ къыхэпхыжыркъым.**
**♦Хъуэжэ лIыщIэ къиищтэри лIыщIакIуэ ежьэжащ.**
**♦Iэмбатищэ нэхърэ зы гъущагъэ.**
**♦Гуащэрэ пэт, къаз деху.**
**♦Лэгъупыр нэкIэ къегъавэ.**
**♦Насыпыр щагуэшым дурэшым дэсащ.**
**♦Данэр лъапэкIэ зэрехуэ.**
**♦Щынащхьэ плъагъумэ гъэмахуэщи, Iэтащхьэ плъагъумэ щIымахуэщ.**
**♦Iэтэр Iэмбатэ щхьэкIэ мэфыж.**
**♦Хьэмтетыгъуэ гъаблэ щыIэкъым.**
**♦Джатэрыпщ нэхърэ пщы Iущабэ.**
**♦Жылэм я мыгъуэ я гъуощ.**
**♦Уэркъым и жьэ и щIопщщ, ипщ хуэдэр и джатэщ.**
**♦Зи вакъэ зэврэ зи гъавэ мащIэрэ.**
**♦И дзыгъуэ лъынэ къокI.**
**♦Насыпыншэм махъшэм тесми хьэ къодзакъэ.**
**♦Уаерэ пщаерэ куэд якIуркъым.**
**♦Уэрэдус пщыпсэIухщ.**

ЩIЫ ХЪУРЕЙМ цIыхухэр илъэс 130.000-м щIигъуауэ щопсэу. Япэрей цIыхухэр Африкэм дунейм къыщытехьащ, итIанэ ахэр хуэмурэ адрей щIыналъэхэм Iэпхъуащ.

Илъэс 10.000 и пэкIэ цIыхухэм дуней псор яуфэбгъуащ. Нобэ щIы хъурейм цIыху меларди 6-м нэблагъэ егъашхэ, ауэ ахэр зэхуэдэу континентхэм тегуэшакъым. Нэхъыбэ щыпсэур Китай, Индие къэралхэрщ, Европэрщ.

Дэ фэдгъэцIыхунущ нэхъ къалэ инхэр. Японием и щыхьэр Токио цIыху 29.950.000 щопсэу. Абы йохьэйохуэ Нью-Йоркрэ (цIыху 21.199.000) Мексикэм и къалащхьэ Мехикэрэ - 20.950.000.

Мегаполис ин дыдэхэм

● Фыщыгъуазэ?

## Нэхъ къалэ инхэр

хабжэ Сан-Паулу (Бразилие) - 17.834.000, Лос - Анджелес (США) - 16.374.000, Мумбаи (Индие) - 16.368.000, Осакэ (Японие) - 14.190.000, Сеул (Корее Ипщэ) - 14. 250.000. Абыхэм куэдкIэ къакIэрыхуркъым Индонезием и щыхьэр Джакартэ (12.435.000), Аргентинэм и къалащхьэ Буэнос-Айрес (11.931.000), Мысырыр зэрыгушхуэ Каирыр (11.568.000), Индием и щыхьэр Дели (12.791.000), Бангладешым и къалащхьэ Даккэ (11.726.000).

# Вагъуэхэр

● Фэ фщIэрэ?

**Уафэм дыщеплъкIэ, дэ къытфIощI абы и джабэм вагъуэхэр кIэрыту, ахэр дэ зэрытпэжыжьэр зэхуэдизу, нэхъ иныр ину, нэхъ цIыкIур цIыкIуу тлъагъуу, нэхъ нурыр нэхъ иныр арауэ. ЖаIэу щытащ дыгъэр, мазэр, вагъуэр зэуэ зэдэзылъагъур жэнэтым кIуэну. Вагъуэр убжу ядэртэкъым, вагъуэу къыубжам и бжыгъэ хьэмцIыракIэ къыптекIэнущ, жаIэрт.**

ВАГЪУЭХЭР куэд мэхъу, абы я бжыгъэр зыщIэу зы цIыхуи щыIэкъым. ЦIыхум и нэр сэкъатыншэмэ, уафэр бзыгъэмэ, зы щIыпIэм деж щыту вагъуэ 3000 къелъагъуф, абы и нэм къыхуоубыд вагъуэ 6000, телескопкIэ хуэлъагъур нэхъыбэжщ. Вагъуэхэр дэ икъукIэ тпэIэщIэщ, зэрытпэжыжьэхэри зэхуэдэкъым. Ауэ зэрытпэжыжьэ дыдэр къигъэлъагъуэу мыпхуэдэ бжыгъэхэр къэтхьынщ: дыгъэм къикI нурыр (светыр) щIым къос дакъикъи 8-рэ секунд 20-кIэ, вагъуэ нэхъ тпэгъунэгъу дыдэм къикIыр - илъэси 4,3-рэ хуэдизкIэ. Апхуэдизу жыжьэ щыIэ вагъуэхэр ди дунейм сэбэпи зэрани къазэрыхуэхъу щIагъуэ щыIэкъым. Ауэ цIыхум вагъуэхэр къегъэсэбэп: дунейм и къэхъукъащIэхэм зэрызахъуэжынур, жэщым зэманыр, илъэсым гъэр здынэсар абыхэмкIэ къащIэ; здэщыIэ щIыпIэр вагъуэхэмкIэ кърахутэ.

Вагъуэхэм теухуауэ ящIа махуэбжи щыIэщ.

**Ищхъэрэвагъуэ - Полярная звезда.** Мыр КъащыкIъ цIыкIум и кIым и кIапэм деж щыт вагъуэрщ. Ищхъэрэвагъуэм щхьэкIэ Вагъуэгъуазэ щыжаIи щыIэщ. Ар Ищхъэрэ полюсым и щыгум хуэзанщIэпсу уэгум итщ. Ищхъэрэвагъуэр уэгум щит щIыпIэм дунейм и джэлэскIэ йоджэ. А вагъуэр и пIэм иту, адрейхэм ар къаухъуреихьу къыпфIощI. Уздэщыт щIыпIэм елъытауэ, Ищхъэрэвагъуэр здэщыIэу плъагъур зэщхьэщокI. Экваторым и гъунэгъуу ущыту укъеплъмэ, ар уолъагъу щIым и горизонтым тету, щIым и ищхъэрэ джэлэсым и гъунэгъуу ущытмэ уи щыгум занщIэу щхьэщыту, ди щIыпIэм уиту уеплъмэ - горизонтым теIэтыкIауэ уэгум иту. Полярнэ вагъуэм адыгэхэм Ищхъэрэвагъуэ зэрыфIащам урегъэгупсыс ахэр экваторым и гъунэгъуу щыпсэуауэ. Ищхъэрэвагъуэр уи гупэу уувмэ, уи ижьырабгъур къуэкIыпIэщ, уи сэмэгурабгъур къухьэпIэщ, уи гупэр ищхъэрэщ, уи щIыбыр ипщэщ. Север лъэныкъуэмкIэ къикIа цIыхум щхьэкIэ «къыдэкIуея» жаIэу щытащ. КъыдэкIуея псалъэм къегъэлъагъуэ северыр зэрыищхъэрэр, югыр зэрыипщэр. Мартым и 21-мрэ сентябрым и 23-мрэ дыгъэр къыщыщIэкIыр хуозэ къуэкIыпIэм, а махуэхэм дыгъэр щыкъухьэр - къухьэпIэрщ.

**Шыхулъагъуэ - Млечный путь.** Шыхулъагъуэр уолъагъу уафэр къабзэмэ, жэщыр мымазэгъуэнэхумэ - и теплъэр шэжыпсыфэу, и фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ. Ар зэрышэжыпсыфэр аращ «млечный» (молочный) щIыфIащари. Шыхулъагъуэр къыпфIощI уафэ бгырыпхыу. Зы жэщ-махуэм кърибубыдэу абы Ищхъэрэвагъуэр хъурейуэ зэ къекIухь. Шыхулъагъуэм жэщым зэманыр здынэсар кърашIэрт, жэщ гъуэгурыкIуэхэм, зекIуэлIхэм я гъуэгур ираубзыхурт.

**Нэхущвагъуэ - Венера.** Мыр вагъуэкъанщ (планетэщ). Нэхущвагъуэр зи хъыбарегъащIэр и цIэм къыбжеIэ. Пщэдджыжь къэс, жэщыр нэхущ щыхъум, ар къуэкIыпIэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыщыщIокI. Нэхущвагъуэр къэпцIыхуну тыншщ, абы нэхърэ нэхъ ину плъагъу вагъуэхэм яхэткъым. Ар къыщIэкIа нэужь, мэкъумэшыщIэхэр лэжьакIуэ дэкIырт.

**ДэжейгъалIэвагъуэ - Меркурий.** Мыри вагъуэкъанщ. «ДэжейгъалIэ» псалъэм къокI жей ухуэзыгъалIэ жиIэу. Ар къыщIокI пщэдджыжь жейм и IэфIыгъуэм деж. Пщэдджыжь къэс ДэжейгъалIэвагъуэр уолъагъу вагъуэ плъыжь цIыкIуу, пщэдджыжь пшэкIэху-пшэкIэплъым хэту. Ар ябжырт ЗекIуэтхьэу. ЗекIуэ гъуэгу техьэр щежьэр ЗекIуэтхьэр илъэгъуа нэужьт. ЖаIэрт ар зекIуэлIым и хъумакIуэу, зекIуэ Iуэхур къехъулIэныр абы елъытауэ.

**ВагъуэкIэху - Комета.** ВагъуэкIэхухэр куэд мэхъу. Ахэр уэгум ит пкъыгъуэхэщ. ВагъуэкIэхухэр я пIэм иткъым. Ахэр зэрыкIуэну гъуэгур зыубзыхур дыгъэрщ. ВагъуэкIэхум и теплъэр зыхуэдэр къыбжеIэ езы псалъэм. Ар щыкIуэкIэ нур гуэрхэр къыхеху, а къыхихум къызэринэкI уэгур егъэнэху. Зэман-зэманкIэрэ ар дыгъэм гъунэгъуу йокIуалIэ, дыгъэм пэгъунэгъу хъуа нэужьщ ар зэрыкIэхур щыплъагъури. ВагъуэкIэхур угъурсызу, мыхъумыщIагъэ куэд цIыхум къыхуихьу ягъэхъыбару щытащ.

**Вагъуэиж - Метеор,** падающая звезда. Вагъуэиж псалъэм къыбгурегъаIуэ а цIэр зыфIащам и шыфэлIыфэр. Вагъуэижхэр куэд мэхъу. Ахэр уэгум псынщIэ дыдэу къыщызыкIухь пкъыгъуэ цIыкIущ, щIым и атмосферэм къыщыси щыIэщ. Абы щыгъуэм ар къолыдри, хьэуам хесхьэ. Апхуэдэу къэлыда вагъуэижыр жэщым уолъагъу. Вагъуэижым ехьэлIа шыпсэ Iэджэ къокIуэкI. Абыхэм ящыщ зым мыпхуэдэу жеIэ. Iиблис уафэм дэкIуеину яужь ихьэмэ, ар уафэм дримыгъэкIуеину Алыхьыр абы вагъуэкIэ къоуэри кърeудых. Вагъуэижыр къалъытэрт Алыхьыр Iиблис къызэреуа вагъуэрауэ. Ижь-ижьыж зэманым адыгэхэми я гугъэу щытащ цIыху къэс езым и вагъуэ иIэу. ЦIыхур къыщалъхум ар къыдалъхуу, лIа нэужь и вагъуэр ижу. Вагъуэиж ялъэгъуамэ, къафIэщIырт зыгуэр дунейм ехыжауэ, цIыхум и дунеягъэри и псэуныгъэри и вагъуэм ирапхырт.

**Вагъуэабрэдж - Новая звезда.** Вагъуэабрэдж псалъэм къыбжеIэ вагъуэхэм абрэджым хуэдэу зызыгъэпщкIу зэрахэтыр. Пэж дыдэуи, сытым щыгъуи умылъагъу вагъуэ уафэм къыщиувэ, къиува нэужьи куэд дэмыкIыу щыкIуэдыж щыIэщ. Апхуэдэм ВагъуэабрэджкIэ йоджэ. Вагъуэабрэдж ялъагъумэ, цIыхухэр пIейтейрт. ЖаIэрт ар абрэдж къежьэным и нэщэнэу.

**Вагъуэкъан** - Вагъуэкъану ябж **Марс**, **Юпитер**, **Сатурн** планетэхэр. А цIэм къыбгурегъаIуэ къаным хуащIым хуэдэ пщIэ зиIэ вагъуэхэми зэрахэтыр. Марсыр, Юпитерыр, Сатурныр ящыщщ нэхъ наIуэ дыдэу тлъагъухэм. Вагъуэкъанхэр адыгэхэм насып къызыдэкIуэу ябж.

**Ахъшэмвагъуэ**, **Хэщхьэжвагъуэ**. Пщыхьэщхьэм уафэм япэу къитIысхьэ вагъуэм АхъшэмвагъуэкIэ йоджэ, етIуанэм - ХэщхьэжвагъуэкIэ. Пщыхьэщхьэм уафэм япэ къитIысхьэхэм ящыщщ Марс, Юпитер, Сатурн вагъуэкъанхэр, къызэрыгуэкI вагъуэхэу Сириусыр, Вегэр, Арктурыр, Капеллэр; Альфэ, Бетэ вагъуэ гупхэм щыщхэр. Муслъымэн диныр зезыхьэхэм я еплIанэ нэмэзым зэреджэр ахъшэмщ. Ахъшэм нэмэзыр щащIыр Ахъшэмвагъуэр къыщIэкIа нэужьщ. Хэщхьэжвагъуэр къыщIэкIа нэужь, махуэм зэрынэщIын хуей зэманыр иухауэ ягъэувырт.

**КЪАШЫРГЪЭ Назир.**
***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***

# Псалъэзэблэдз



**ЕкIуэкIыу**: **5**. Чейм и «бгырыпх». **7**. Ди республикэм и Правительствэм и унафэщIу щыта ... Руслан. **8**. ЩIакхъуащхьэ тежьыкIа. **9**. «Шы ... лъэ псыгъуэм уи фэр изоплъри ...» - Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщщ. **10**. Джэд ... и пщIыхьэгъущ. **11**. Дэрбзэр Iэмэпсымэ. **12**. Псы мыкуу. **14**. КIэртIоф щыхасэкIэ жылэр зрагъэтIысхьэ кумб цIыкIу. **15**. ЩэкI Iув пхъашэ. **17**. Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа адыгэ художник цIэрыIуэ. **18**. ХьэщIэщым къеблэгъа лIым ... - къубгъан къыхуащтащ, зрагъэтхьэщIыну. **21**. Бо. **25**. «Нанэ, а хьэлъэзехьэхэрщ нобэкIэ къызэдэхащIэр, «зеиншэщ мы ... цIыкIур», жаIэурэ Iэ къыздэзылъэхэр»- ЩоджэнцIыкIу Алий и «Нанэ» усэм щыщщ. **26**. IэпхъуамбитI зэгуэт къэзыубыд щапхъэ, пщалъэ. **27**. Ди гъунэгъум псалъэ ... къызидзащ. **32**. ЩIалэщIэм щхьэц ... тетщ. **34**. «Щихухэр иджыри ... » - Къэрмокъуэ Мухьэмэд и повесть цIэрыIуэ. **36**. Адыгэ лъэпкъ. **37**. Сыбыр лъэныкъуэмкIэ щыIэ къалэшхуэ, цIыхуу мелуаным щIигъу щыпсэууэ. **38**. Къуапищрэ лъэныкъуищрэ зыхуащIа тхылъымпIэ е пкъыгъуэ гуэр. **39**. НэгъуэщIхэм гъусэ захуэзыщI, закIэрызыщIэ цIыху лей. **41**. Мэзым кIуэцIрыкI лъэс ... **42**. Ди къэралым щыIэ псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зы. **43**. Зеиншэ къабзэ. **44**. Уимыш ... **45**. ... Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ.

**Къехыу**: **1**. ЕIуящIэ, къуейщIей, зи Iэпкълъэпкъыр мызагъэ. **2**. Мэкъу ... е псалъэ ... **3**. Тбилиси я «Динамо» командэм хэту СССР-м и чемпион хъуа адыгэ футболист ... Александр. **4**. Мылъхуанэ. **6**. ХадэхэкI. **13**. Нартыхур бгъэлъалъэмэ, ар къонэ. **14**. Зауэ хуэIухуэщIэм хуэгъэпсауэ Европэм щыIэ, IэщэкIэ зэщIэузэда зэгухьэныгъэ, къэрал 30-м нэблагъэ хэту. **15**. Чы гъур. **16**. Бжэныфэм къыхащIыкIа къэп. **19**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Нарзан. **20**. Мэш, хьэуазэ. **21**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфIэфI. **22**. Пыпхъуэу зэтелъхьа гуэдз пхырхэр, ямыIуэжауэ. **23**. Уэрам ... Е псым игъэуцIына щIы. **24**. Куэдрэ щыта махъсымэр зэрытам и лъабжьэм къыщIонэ. **28**. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ муслъымэн къэрал. **29**. Хьэуар пхуримыкъуу дунейр щыхуабэвэх зэман. **30**. Пхъэ кIапэ. **31**. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, Iэщхэм я тхьэ. **32**. Благъэ жыжьэ. **33**. Псы е шэ къэкъуалъэм и щхьэм къытрещIэ. **35**. Лым телъ фэ пIащIэ. **39**. Нащэр ... хъумэ, щэгъуейщ. **40**. Гум щIэщIа шитIым я зым ... къищтащ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

### Мазаем и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Павлов. **7**. ЛъэмбытI. **9**. Хъар. **11**. Ерыщ. **12**. Армэ. **13**. НыбжьэгъуфI. **14**. Чытап. **16**. Менлы. **17**. Хьэщыкъ. **20**. Жэп. **21**. Рим. **22**. Вабдзэ. **24**. Къабзэ. **26**. «Тисей». **28**. Сэлэт. **30**. Сэджыт. **32**. Армум. **34**. ЛIыжь. **36**. Джей. **37**. Хъурыфэ. **38**. Ерокъуэ. **39**. Назир. **40**. Устинов. **43**. Собэ. **45**. IумпIэ. **47**. КIуащ. **48**. Сыжажэ. **49**. БжьапцIэ.

***Къехыу:*** **1**. Къады. **2**. Борэн. **3**. ХуэмыфI. **4**. Мыхъур. **6**. Хуабжь. **8**. Черчесов. **10**. КIэмыргуей. **15**. Пыпхэ. **16**. Мурат. **17**. Хьэлъкъ. **18**. Ду. **19**. Къамэ. **23**. Афэ. **25**. Бэдж. **27**. Еру. **28**. Смоленск. **29**. Тажьджэ. **30**. Сытхъу.
**31**. Танэ. **32**. Арджэн. **33**. Мухьэрбэч. **35**. Лы. **40**. Унажэ. **41**. Инал. **42**. Выбжьэ. **44**. Бгыкъу. **46**. МацIэ.

● Iуэтэжхэр

### Си пыIэкур кърaудащ

Зы къуажэ зылI дэст. ФызитI иIэти, тIум я зыр ирнгъэкIыжын мурад ищIащ.

«Мор, мыр», - жиIэурэ, и фызитIым яхузэкIэщIоплъ лIыр, ядигъуэн игъуэтыркъыми, иригъэкIыжынур къыхуэщIэркъым. Абы тетурэ, фызитIым гу лъатащ лIым мурад мыгъуэ къазэрыхуищIам. ЛIыр къыщаумысым, фызитIри икIыжащ, я щхьэгъусэм къахуимурадым хунагъэсакъым.

ЛIыр, и щхьэм щIэтIахъуэу пщIантIэ нэщIым къыдэнащ:

- Си пыIэкур къысхураудащ, - жери.

### ВитIми жэмыщIэми хокIыж

Выгур зэщIищIэри, зылI бэзэрым ежьащ, жэмыщIэ иIэти, ар ищэн мурад ищIауэ. ЖэмыщIэм и бжьэм кIапсэ иридзэри, гум кIэрищIащ, езыр гублащхьэм дэтIысхьащ. ЗдэкIуэм, псы зэпрыкIын хуейти, витIри жэмыщIэри псы иригъэфащ, и гъуэгу теувэжри, дзапэ уэрэд къыхидзащ.

Мэзым къыхэтIысхьауэ, щIалэ бзаджитI къеплъакIуэрт лIым.

- ВитIри жэмыщIэри къыIэщIэдгъэкIынщ, - жиIащ щIалитIым я зым.

- Дауэ къызэрыIэщIэдгъэкIынур?

- ЖэмыщIэр гум къыкIэрыттIэтыкIынщи, уэ мэзым щIэпшэнщ, сэ выгум и ужь сиувэнщи, адэкIи деплъынщ.

- Хъунщ, - жари зэгурыIуащ, загъэбгъунлъэри жэмыщIэр выгум къыкIэратIэтыкIащ, зым ар мэзым щIишащ, адрейр гум и ужь иуващ.

Зыкъом дэкIауэ, гублащхьэм дэс лIыр къызэплъэкIащ. КъызэплъэкIмэ, жэмыщIэм и пIэкIэ гум и ужь зы щIалэ итщ.

- Си жэмыщIэр дэнэ кIуа? - жиIащ лIым, витIыр къигъэувыIэри.

- Сыт жэмыщIэ? - игъэщIэгъуащ щIалэм.

- Гупхэм епхауэ къесшэжьа жэмыщIэр?

- ЖэмыщIэ слъэгъуакъым, сэращ уи ужь итар. Дзапэ уэрэдым сыдебгъэхьэхри, зыкъозгъэщIакъым: уи ужь сиувауэ сыкъокIуэ, - жиIащ щIалэм.

- Псы езгъэфа къудейт, - жиIащ лIым.

- Псы Iуфэм къыIубнауэ пIэрэ-тIэ?

- Арагъэнщ къысщыщIар, - жери лIыр гублащхьэм къыдэкIащ.

- Уэ, щIалэфI, витIым схуакIэлъыплъ, сэ згъэзэнщи, жэмыщIэр къэзгъуэтыжынщ.

- СыздэпIащIэ щыIэкъым: витIри гури пхуэсхъумэнщ, укъэсыжыху, - арэзы хъуащ щIалэр.

ЩIалэр гум къыбгъэдинэри, лIыр жэмыщIэлъыхъуэ ежьащ. ЩIалэ бзаджэр зыхуеиххэр арати, витIыр щIигъэхури, кIэбгъу зищIыжащ, гур гъуэгум къытринэри.

ЖэмыщIэр дэнэ кърихыжынт лIым? И щхьэр къыфIэхуауэ къигъэзэжащ. Къыздигъэзэжам, витIми хэкIыжауэ къыщIэкIащ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.108 ● Заказ №118